# 2 Timote

## 1

### Póol mu ngi ñaax Timote ngir mu sax ci ngëm gi

[1] Man Póol di ndawu Yeesu Almasi bi ci coobarey Yàlla. Moo ma fal
ngir ma yégle dund gi Yàlla dig ñépp ñi gëm ci Yeesu Almasi bi.
[2] Maa ngi lay nuyu Timote sama doom bi ma bëgg. Na la Yàlla baay
bi ak sunu Boroom Yeesu Almasi bi may yiw, yërmande, ak jàmm.
[3] Saa su may ñaan guddi ak bëccëg, dama lay ñaanal te maa ngi
gërëm Yàlla mi may liggéeyal ni ko samay maam daan defe, ba tax
sama xel du am lu mu may ŋàññe. [4] Maa ngi fàttaliku say rongooñ
te bëgg naa la gisaat ngir ma fees ak mbégte. [5] Maa ngi fàttaliku sa
ngëm gu dëggu, ngëm gi sa maam bu jigéen Lowis ak sa yaay Ënis
amoon laata yaw. Wóor na ma ne am nga ko tamit. [6] Looloo tax ma
la koy fàttali: wéyal di jëfandikoo may bi la Yàlla may, keroog bi ma
la tegee loxo, [7] ndaxte Xel bi nu Yàlla may du nu ragalloo, waaye
dafa nuy feesal ak kàttan, mbëggeel, ak sago.
[8] Kon nag, bul rusa seede sunu Boroom te bul rus ndax man mi
nekk ci kaso bi ngir moom. Waaye na nga bokk ak man coono ngir
xibaar bu baax bi jaarale ko ci kàttanu Yàlla. [9] Moom moo nu musal
te woo nu ngir nu doon moomeelam, du sax ndax sunuy jëf yi nu
matal waaye ndax yiwam ngir tëralinu boppam. May na nu yiw
boobu jaarale ko ci Yeesu Almasi bi laata àddina bi di sosu, [10] waaye
léegi Yàlla fésal na yiwam ci nun, bi mu feeñalee sunu musalkat
Yeesu Almasi bi. Moom moo noot doole dee te fésal dund gu dul
jeex gi jaarale ko ci xibaar bu baax bi. [11] Yégle xibaar bu baax boobu
moo tax Yàlla fal ma ni waarekat, ndaw, ak jàngalekat. [12] Looloo
waral may daj coono yii, waaye rusuma ci, ndaxte xam naa ki ma

gëm, te wóor na ma ne moom am na kàttanu denc li nga xam ne
moom la ma dénk ba keroog bésu àtte bi. 13 Jëlal ni royukaay kàddu
yu dëggu yi nga dégge ci man. Denc leen ci ngëm gi ak ci mbëggeel
bi nu Yeesu Almasi bi may. 14 Dencal mbir yu baax yi la Yàlla dénk
jaarale ko ci ndimbalu Xel mu Sell mi dëkk ci nun.
15 Ni nga ko xame, ñépp ñi jóge woon ca diiwaanu Asi bàyyi nañu
ma, ñu ci mel ni Fusel ak Ermosen. 16 Na Boroom bi may
yërmandeem njabootu Onesifor, ndaxte daan na ma dëfël te rusul
woon ndax ni ma nekk ci kaso. 17 Waaye bi mu yegsee ci dëkku
Room, seet na ma fu nekk ba gis ma. 18 Na ko Boroom bi may
yërmandeem ci bésu àtte ba. Xam nga bu baax ñaata yoon la ma
dimbali ba ma nekkee ci dëkku Efes.

# 2

## Póol mu ngi ñaax Timote mu dëgër-dëgërlu ci liggéeyu Boroom bi

1 Yaw nag Timote sama doom, na yiwu Yeesu Almasi bi nekk sa
kàttan. 2 Mbir yi nga déggoon ma leen di wax ci kanamu ay seede yu
bari, na nga leen dénk ay nit ñu gore ñi nga xam ne mën nañu leen
jàngal tamit ñeneen. 3 Bokkal ak man coono ni soldaar bu baax bu
Yeesu Almasi bi. 4 Soldaar bu bëgga neex ki koy jiite du dugg ci yëfi
àddina. 5 Joŋantekat bi tamit, du jot kaala ndam, bu fekkee toppul
sart yi ni mu ware. 6 Te itam, beykat bi sonn ci liggéeyam, fàww mu
nekk ku jëkka jot wàllam ci ngóob mi. 7 Na nga xalaat ci loolu ma la
wax ndaxte Boroom bi dina la leeralal lépp.
8 Fàttalikul Yeesu Almasi bi, dekki ci ñu dee ñi, te soqeekoo ci
askanu Daawuda, ni ko xibaar bu baax bi may yégle di waxe.
9 Xibaar bu baax boobu moo tax may sonn ba ñu yeew ma ay ceen
mel ni defkatu ñaawteef. Waaye kàddug Yàlla gi yeewuñu ko.

[10] Loolu moo tax may dëgër-dëgërlu ci lépp, ngir ñi Yàlla tànn,
ñoom tamit, ñu mëna am mucc gi ci Yeesu Almasi bi ànd ak
màggaay buy law ba fàww.
[11] Lii kàddu gu wóor la:
Su nu deewee ak moom,
dinanu dundaat itam ak moom;
[12] su nu dëgër-dëgërloo,
dinanu nguuru itam ak moom;
su nu ko weddee,
moom tamit dina nu weddi;
[13] su nu gorewul,
moom dina sax ci gore
ndaxte mënula weddi boppam.

### Liggéeykat bi neex Yàlla

[14] Mbir yooyu, nga wara fàttali ñépp te nga dénk leen bu baax ci
kanamu Yàlla ngir ñu baña werante ci li baat yi di tekki. Werante
yooyu amuñu benn njériñ waaye dañuy sànkuloo ñi leen di déglu.
[15] Defal sa kemtulaay kàttan ci li ngay yégle ni mu ware kàddu dëgg
gi, ngir nga mëna taxaw ci kanamu Yàlla ni liggéeykat bu dul am lu
muy rus ci liggéeyam. [16] Moytula dugg ci waxtaan yu amul benn
njériñ te ànduñu ak ngëm gi, ndaxte ñiy def loolu, dañuy gën di
sori Yàlla. [17] Seen njàngale, mu ngi mel ni góom bu dul wér boo xam
ne day mujje jàpp yaram bi yépp. Ci ñoom am na Imene ak Filet.
[18] Ñoom sori nañu dëgg gi te soriloo ñenn ci ngëm gi ndaxte dañuy
wax ne ndekkitel bi am na ba noppi. [19] Moona fondamaa bu dëgër bi
Yàlla teg day sax. Kàddu yii lañu fa rëdd: «*Boroom bi xam na ñi mu
moom*» te «Képp kuy woo turu Boroom bi, na sori lu bon.»
[20] Ci kër gu mag amul rekk ay jumtukaayu wurus walla yu xaalis,
waaye tamit am na yu ñu defare dénk walla ban. Yenn yi ay

jumtukaayu bés yu réy lañu, yi ci des ñooy yi ñuy jëfandikoo bés bu
nekk. [21] Kon nag, képp ku setal boppam ci lu bon, dina nekk
jumtukaay bu tedd bi ñu ber ngir njaatigeem, te mu amal ko njériñ,
ndaxte waajal na boppam ngir bépp jëf bu baax.
[22] Dawal ba sori bëgg-bëgg waxambaane yi. Na nga topp njubte,
ngëm, mbëggeel, ak jàmm; yaw ak ñépp ñuy woo turu Boroom bi ak
xol bu set. [23] Waaye moytula dugg ci waxtaanu neen yu amul benn
njériñ. Xam nga ne loolu day jur xuloo. [24] Jaamu Boroom bi warul di
xuloo, waaye dafa wara lewet ci ñépp, mëna jàngale, te mëna muñ
coono yi. [25] Dafa wara jubanti ci lewet ñiy weddi njàngaleem. Xéy-
na Yàlla dina leen may ñu tuub seeni bàkkaar ba xam dëgg gi. [26] Su
boobaa, seen xel dina dellusi ci ñoom, te dinañu rëcc ci fiiru
Seytaane mi leen jàppoon te noot leen ci coobareem.

## 3

### Póol mu ngi artu Timote ci mujjum jamono te di ko dëgëral

[1] Xamal bu baax lii: bés yu metti dinañu am ci mujjum jamono,
[2] ndaxte nit ñi dinañu siis, fonk xaalis, di wonewu tey réy-réylu, di
wax lu ñaaw ci Yàlla, dootuñu déggal seen waajur yi, dinañu
goreedi, dootuñu jox cér li jóge ci Yàlla, [3] dinañu dëgër xol,
dootuñu am yërmande, di ay jëwkat, dootuñu mëna noot seeni yég-
yég, dinañu soxor, bañ lu baax, [4] di ay workat, ëppal, fees ak réy-
réylu, te seen bëgg-bëgg bakkan gënal leen Yàlla. [5] Dinañu
mbubboo takku ci Yàlla waaye duñu nangu kàttan bi nekk ci loolu.
Soril nit ñu mel noonu.
[6] Ñenn ci ñoom dañuy dugg ci kër yi, di xiir jigéen ñi nooy bopp te
fees ak bàkkaar te seen bëgg-bëgg jiital leen. [7] Jigéen yooyu dañuy
wuta xam saa su nekk waaye duñu mëna fexe ba xam dëgg gi. [8] Ni
Sànnes ak Sàmbares doon jaamaarloo ak Musaa, noonu tamit la nit

ñooñu di jaamaarloo ak dëgg gi. Seen xel dafa yàqu te seen ngëm
dëgguwul. 9 Waaye duñu dem fu sori ndaxte seen ñàkk xel dina feeñ
ci bëtu ñépp ni mu meloon ci Sànnes ak Sàmbares.
10 Yaw nag, topp nga ma ci sama njàngale, ci sama dundin, ci
samay mébét, ci sama ngëm, ci sama muñ, ci sama mbëggeel, ci
sama dëgër-dëgërlu, 11 ci ni ñu may fitnaale ak ci sama coono. Xam
nga ni ñu ma fitnaale ci dëkki Ancos, bu Ikoñum, ak bu Listar!
Waaye Boroom bi yewwi na ma ci loolu lépp. 12 Dëgg la, ñépp ñi
bëgga takku ci Yàlla jaarale ko ci ngëm gi ci Yeesu Almasi bi dinañu
daj fitna. 13 Waaye nit ñu soxor ñi ak naxekat yi dinañu gëna sori ci
lu bon, di nax ñeneen ñi, bay naxaale seen bopp.
14 Waaye yaw nag, saxal ci li nga jàng te mu wóor ci yaw. Xam nga
ci ñan nga ko jànge. 15 Ci sa ndaw ba léegi, nga xam Mbind yu sell yi.
Ñoom, ñoo la mëna jox xel mu rafet mi jur mucc gi, jaarale ko ci
ngëm gi ci Yeesu Almasi bi. 16 Mbind mu sell mi yépp, ci gémmiñu
Yàlla la jóge, te dafa am njériñ ngir jàngale, yedd, jubbanti, ak yar
ci njubte. 17 Ci noonu nitu Yàlla ki dina mat sëkk ngir mu mëna def
bépp jëf bu baax.

# 4

## Ku gore ci ngëm gi Yàlla dina la neexal

1 Maa ngi lay dénk bu baax ci kanamu Yàlla ak ci kanamu Yeesu
Almasi bi wara àtte ñi di dund ak ñi dee, moom mi nara ñëw ni
buur: 2 saxal di waare kàddu gi ci bépp jamono, muy neex walla
muy naqari. Yedd leen, artu leen, te ñaax leen ci sa njàngale ak
muñ bu mat sëkk. 3 Ndaxte jamono baa ngi ñëw bi nga xamante ne,
nit ñi duñu nangu njàngale bu dëggu bi, waaye dañuy topp seen
bëgg-bëgg bakkan bay dajale ay jàngalekat yu bari yu leen di wax li
ñu bëgga dégg. 4 Dootuñu déglu dëgg gi waaye dinañu walbati seeni

nopp ci nettali yu dëgguwul yi. [5] Waaye yaw, na nga teey ci lépp,
muñal coono yi ngay daj, yégleel xibaar bu baax bi, te nga matal sa
liggéey.

[6] Ndaxte man, maa ngi ci yoonu jébbale sama bopp ni sarax, te bés
bi ma wara dee jegesi na. [7] Xare naa xare bu baax bi. Daw naa ba
yegg. Téye naa ngëm gi. [8] Léegi nag dinaa jot njubte, di neexal bi ma
Yàlla dencal. Boroom bi, di àttekat bu jub bi, dina ma ko jox ci bésu
àtte ba, te du ngir man rekk, waaye tamit ngir ñépp ñiy xaar ak
mbëggeel waxtu bi muy feeñ.

### Tàggatoo Póol ak dénkaaneem yu mujj yi

[9] Defal lépp nga fekksi ma ci ni mu gëna gaawe, [10] ndaxte Demas
bàyyi na ma dem dëkku Tesalonig ndaxte moom dafa bëgg àddina
sii. Kereseñsë dem na diiwaanu Galasi. Tit dem na diiwaanu
Dalmasi. [11] Luug rekk moo des ak man. Jëlal Màrk, nga andaale ko,
ndaxte amal na ma njériñ bu baax ci liggéey bi. [12] Yónni naa Tisig ca
dëkku Efes. [13] Booy ñëw andaaleel ma sama mbubb bu mag bi ma
bàyyi ca dëkku Torowas ci këru Karpus. Andaaleel ma tamit téere
yi, rawatina yu der yi.

[14] Alegsàndar, tëgg bi, def na ma ay ñaawteef yu bari. Boroom bi
dina ko fey ay jëfam. [15] Moytu ko yaw tamit, ndaxte da doon xeex
sunu waare ak fitna.

[16] Keroog bi ma jëkke taxaw di layoo ci àttekaay bi, amul kenn ku
ma taxawu. Ñépp a ma bàyyi. Bu leen ko Yàlla toppe. [17] Waaye
Boroom bi taxawu na ma te dooleel ma, ba ma mëna tasaare xibaar
bu baax bi, ba ñépp ñi dul Yawut dégg ko. Te Boroom bi musal na
ma ci gémmiñu gaynde. [18] Boroom bi dina ma musal ci bépp
ñaawteef te dina ma dugal ci nguuram gi ci asamaan. Moom moo
moom màggaay ba fàww. Amiin.

[19] Nuyul ma Piriska ak Akilas ak tamit njabootu Onesifor. [20] Erast mu
ngi des ca dëkku Korent te bàyyi naa Torofim mi feebar ci dëkku
Mile. [21] Defal lépp ngir ñëw bala jamono seddaay bi di jot. Ëbulus,
Pudeñsë, Linus, Këlójaa, ak mbokki gëmkat yi yépp ñu ngi lay nuyu.
[22] Na Boroom bi nekk ak yaw, te na yiwam nekk ak yeen ñépp.